Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA SOU KONSYANTIZASYON SOU BALÈN NOUYÒK LA POU PWOTEJE MAMIFÈ MAREN EPI AMELYORE SEKIRITE MOUN K AP NAVIGE NAN BATO

Li entegre pwoteksyon mamifè maren nan kou eta a sou sekirite pou moun k ap navige nan bato epi li kreye materyèl edikatif esansyèl

Ou ka jwenn foto Gouvènè a k ap siyen Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn Nouyòk la isit la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan Nouyòk la (A.8515A/S.2292B), ki mande Depatman Konsèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) pou etabli direktiv edikatif ak rekòmandasyon konplè ki fèt pou diminye entèraksyon ak mamifè maren yo epi anpeche bato frape yo nan dlo Nouyòk yo.

"Dlo oseyan Nouyòk yo pi pwòp epi yo gen plis lavi pase yo te genyen depi plizyè dizèn ane, sa ki fè lavi maren ekstrawòdinè retounen toupre kot nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sepandan, lefètke gen yon pi gwo konsantrasyon balèn k ap navige nan youn nan rejyon ki gen plis aktivite nan peyi a kreye gwo risk ni pou moun k ap navige yo ni pou popilasyon mamifè maren yo. Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan Nouyòk la asire tout moun k ap pwofite vwa navigab eta nou an gen zouti ak konesans yo bezwen pou navige san danje, evite kolizyon danjere epi pwoteje kreyati espesyal sa yo."

Lejislasyon an entegre edikasyon sou navigasyon ki san danje pou balèn yo dirèkteman nan kou sekirite eta a ki deja egziste pou moun k ap navige nan bato yo, ak nan pwosesis anrejistreman bato yo. Lè inisyativ la ekipe moun k ap navige nan bato yo ak bon pratik estanda ak teknik pou anpeche kolizyon, li vize ankouraje abitid navigasyon ki pi an sekirite epi anpeche blesi ak lanmò aksidantèl pami lavi maren lokal, tankou balèn ki gen bòs ak balèn nwa Nò Atlantik la, ki an danje disparisyon grav.

Kantite fwa yo wè balèn sou litoral Nouyòk la ogmante, sa ki montre nesesite ijan pou bay moun k ap navige yo edikasyon. Efò Gouvènè Hochul ap fè pou envesti nan dlo lokal Nouyòk yo epi restore yo, ansanm ak amelyore jesyon lapèch, fè popilasyon pwason yo pwospere, sa ki fè plis balèn retounen nan vwa navigab eta a. Avèk plis balèn, li esansyèl pou moun k ap navige nan bato yo resevwa bon edikasyon pou pwoteje bèt sovaj maren nou yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Amanda Lefton, te deklare, "Nou wè lavi maren ap reprann fòs nan dlo nou yo gras ak mezi konsèvasyon ak mezi pou amelyore kalite dlo, epi balèn yo se yon pati esansyèl nan ekosistèm sa a. DEC rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen Lwa sou Konsyantizasyon Sou Balèn Nouyòk la pou fè li vin lwa, pou ranfòse sansibilizasyon ak edikasyon piblik sou kolizyon bato, epi pou etabli gid pratik ki ede moun k ap navige nan bato yo pataje dlo nou yo avèk balèn san danje. Lè nou konbine konsèvasyon ak konsyantizasyon piblik, nou pran mezi enpòtan pou pwoteje bèt ekstrawòdinè sa yo pandan nou asire dlo kot Nouyòk yo rete an sekirite epi dirab pou bèt sovaj ak Nouyòkè ki pran plezi ladan yo."

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Kathy Moser, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pran pou pwoteje ak prezève vwa navigab Nouyòk yo te ede kreye ekosistèm maren ki pi an sante epi li te kontribye nan retou balèn migratè ak lòt mamifè maren sou kot nou yo. Pandan obsèvasyon bèt remakab sa yo ki vin pi souvan, li enpòtan anpil pou moun k ap navige nan bato yo konprann kijan pou yo navige toupre yo byen epi san danje. Lè nou mete direktiv pou pwoteje balèn yo nan kou sekirite navigasyon Nouyòk yo, n ap ede moun k ap navige pou amizman pwoteje bèt sovaj yo, pwoteje tèt yo ak pasaje yo, epi pran plezi nan dlo nou yo yon fason responsab."

Senatè Eta Pete Harckham te deklare, "Nou wè yon gwo ogmantasyon nan kantite balèn ki mouri akoz bato frape yo nan dlo sou kot Nouyòk yo, epi nou gen responsablite pou pwoteje mamifè remakab sa yo ki enpòtan anpil pou sante ekosistèm maren nou an. Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan pral ede anpeche aksidan sa yo ki ta ka evite lè li asire moun k ap navige yo gen enfòmasyon yo bezwen pou navige yon fason responsab epi san danje bò kote bèt maren yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a pou fè li vin lwa, ansanm ak Manm Lasanble Kassay pou patenarya li nan fè mezi sa a avanse nan Asanble Lejislatif la."

Manm Lasanble Rebecca Kassay te deklare, "Retou balèn ak lòt mamifè maren sou kot Nouyòk yo se yon temwayaj sou pwogrè nou fè nan restore ak pwoteje anviwònman maren nou an pandan mwatye syèk ki sot pase a. Pandan bèt enkwayab sa yo vin parèt pi souvan, Eta Nouyòk angaje pou konekte moun k ap navige nan bato yo ak konesans yo bezwen pou yo viv ansanm an sekirite nan vwa navigab nou yo. Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan adopte yon apwòch pratik ki mete edikasyon an premye, lè li mete direktiv sou sekirite balèn nan kou sekirite navigasyon ki deja egziste yo ak materyèl anrejistreman bato yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sa a epi li reyafime angajman Nouyòk pou pwoteje bèt sovaj maren nou yo, pou kenbe vwa navigab nou yo an sekirite ni pou moun k ap navige nan bato yo ni pou bèt yo."

Manm Asanble Tommy John Schiavoni te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk ap montre chemen an yon lòt fwa ankò nan restorasyon ak pwoteksyon anviwònman natirèl nou an. Kot Atlantik nou an se yon resous presye ki merite plis

atansyon, epi gras ak plizyè dizèn ane travay moun ki fè politik yo ak patnè lokal yo, dlo oseyan nou yo pa t janm pi pwòp pase sa, epi popilasyon pwason nou yo ap amelyore ane apre ane, sa ki lakòz yo wè plis balèn. Kòm yon ko-sipòtè Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan, mwen fyè pou sipòte inisyativ sa a ki pral kreye entèraksyon ki pi an sekirite ak lavi maren epi pwoteje tout moun ki sou dlo a."

Lejislatè Konte Suffolk Ann Welker te deklare, "Rejyon nou an gen yon lyen pwofon ak dlo oseyan nou yo ak lavi maren ki rete ladan yo. Kilti nou, eritaj nou ak mwayen pou viv nou mare ak Oseyan Atlantik la. Lejislasyon sa a, ki bay edikasyon ak konsyantizasyon sou sekirite maren ak entèraksyon ak lavi maren, pral benefisye kominote nou yo pandan n ap aprann pi bon fason pou pataje anviwònman natirèl nou an, pwoteje li, epi viv avèk li. Mèsi Gouvènè Hochul ak lejislatè Eta Nouyòk yo paske yo lanse efò enpòtan sa a."

Sipèvizè Vil East Hampton Ian, Kathee Burke-Gonzalez, te deklare, "Gen yon bagay vrèman espesyal lè w wè balèn yo k ap sote soti nan dlo a jis toupre kot nou yo. Sa fè nou sonje jan nou gen chans pou nou rele East Hampton lakay nou, ak jan li enpòtan pou nou pran swen dlo nou pataje yo. Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn Nouyòk la pral bay moun k ap navige nan bato yo enfòmasyon pratik pou ede pwoteje mamifè maren epi anpeche rankont danjere sou dlo a. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sa a, epi Senatè Pete Harckham, Manm Asanble Rebecca Kassay, Senatè Anthony Palumbo ak Manm Asanble Tommy John Schiavoni pou travay yo fè pou fè li avanse."

Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an (Citizens Campaign for the Environment), Adrienne Esposito, te deklare, "Balèn yo se kèk nan mamifè maren ki pi gwo epi ki pi fòmidab nou genyen sou planèt nou an, epi yo jis toupre kot Nouyòk yo. Efò Nouyòk ap fè pou konsève oseyan an ede ogmante popilasyon balèn nan dlo nou yo, epi balèn yo rete isit la pou plis tan. Malerezman, kòz ki pi souvan lakòz balèn mouri se lè bato frape yo. Li enperatif pou edike moun k ap navige yo pou diminye kolizyon ak asèlman epi pwoteje popilasyon balèn yo. Pwojè lwa sou edikasyon sa a esansyèl pou asire moun k ap navige nan bato yo konprann kijan pou yo reponn san danje si yo wè yon balèn. Yo pa dwe kouri ak bato yo pou ale nan direksyon yo pou pran yon bèl foto, okontrè, yo dwe rete lwen oswa etenn motè a pou elis la pa blese mamifè a. Anpil antouzyas nou genyen pou nou toupre espès enpresyonan sa yo kapab, an reyalite, fè yo mal epi fè nou mal tou! Gouvènè Hochul te yon defansè fèm pou pwoteksyon ak restorasyon dlo nou yo, sa gen ladan oseyan nou an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a, ki pwoteje espès balèn yo ak moun k ap navige nan bato yo nan Nouyòk."

Direktè Oseyan ak Lapèch The Nature Conservancy nan Nouyòk, Carl LoBue, te deklare, "The Nature Conservancy felisite Gouvènè Hochul paske li mete an vigè lejislasyon ki pral ede moun k ap navige nan bato yo navige sou oseyan an san danje, pandan y ap pwoteje ni pasaje yo ni balèn enkwayab nou pataje dlo nou yo avèk yo. Gras ak plizyè dizèn ane efò konsèvasyon, dlo kot Nouyòk yo plen lavi maren, sa gen ladan balèn. Men, retou sa a pote plis responsablite. Nou remèsye Gouvènè Hochul,

Asanble Lejislatif Eta a, ak ajans eta nou yo paske yo amelyore sekirite maren pou moun ak bèt sovaj."

Byolojis nan Pèsonèl Konsèvasyon Sierra Club Atlantic Chapter, Elizabeth Ahearn, te deklare, "Edikasyon se youn nan zouti konsèvasyon ki pi efikas nou genyen pou ankouraje navigasyon ki san danje ak responsab nan dlo kot nou yo. Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan pral bay moun k ap navige nan bato yo edikasyon pratik ki baze sou lasyans pou ede evite kolizyon bato ak entèraksyon danjere ak mamifè maren yo. Lejislasyon sa a pral pèmèt Nouyòk jwe yon wòl enpòtan nan pwoteje kèk nan pi bèl bèt sovaj maren eta a, amelyore sekirite maritim, ankouraje jesyon responsab resous natirèl yo, epi kontribye nan sante jeneral oseyan nou yo. Lè Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan ankouraje edikasyon piblik, li pral ede bati yon avni kote moun ak balèn kapab viv ansanm san danje nan dlo Nouyòk yo."

Direktris Egzekitif Concerned Citizens of Montauk, Kay Tyler, te deklare, "Balèn yo se yon pati esansyèl nan ekosistèm maren nou an epi yo se yon rapèl pisan sou richès ak rezilyans dlo kot nou yo. Nan Montauk, kote obsèvasyon balèn vin yon pati espesyal nan karaktè kominote nou an, nou gen yon responsablite pataje pou pwoteje bèt mayifik sa yo. Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan rekonèt konsèvasyon kòmanse ak edikasyon, epi moun k ap navige nan bato yo ki byen enfòme kapab jwe yon wòl enpòtan nan redui domaj epi ede asire espès anblematiksa yo kontinye devlope nan dlo Nouyòk yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak lejislatè yo ki te fè avanse efò bipatit sa a pou pwoteje bèt sovaj maren nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan Chanm Komès Montauk (Montauk Chamber of Commerce) la, Leo Daunt, te deklare, "Idantite Montauk, ekonomi li ak fason moun yo viv toujou mare ak oseyan an. Kòm youn nan kominote prensipal Nouyòk yo pou lapèch ak obsèvasyon balèn, nou wè ak je nou ni retou enkwayab lavi maren nan dlo nou yo ni responsablite nou genyen pou pwoteje li. Chanm Komès Montauk la sipòte ak tout fòs li Lwa sou Konsyantizasyon sou Balèn nan Nouyòk la ak konsantrasyon li sou bay moun k ap navige nan bato yo, pechè yo, vizitè yo ak rezidan yo enfòmasyon yo bezwen pou pataje dlo a avèk mamifè maren yo san danje. Pwoteje balèn nou yo ak dlo nou yo asire jenerasyon k ap vini yo kapab kontinye viv youn nan bagay ki fè Montauk yon kote espesyal konsa."

Direktris Egzekitif Montauk Historical Society, Mia Certic, te deklare, "Nou vrèman rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen yon pwojè lwa ki pral fè dlo nou yo pi an sekirite ni pou moun k ap navige sou lanmè ni pou mamifè maren, epi nou onore dèske li siyen li nan Fa Montauk Point la."

###

ANILE ENSKRIPSYON OU

Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.